**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–29.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ नव दिल्ली मे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु सँ शिष्टाचार भेंट कयलनि। मुख्यमंत्री राष्ट्रपति कैँ भागलपुरक तिलकपुर गाम मे स्वतंत्रता सेनानी तिलका मांझीक प्रतिमा अनावरण कार्यक्रम मे शामिल होयबाक निमंत्रण देलनि। एहि सँ पूर्व श्री चौधरी कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान सँ सेहो भेंट कयलनि। एहि दरमियान राज्य मे कृषि क्षेत्रक विकास कैँ लऽकऽ मुख्य रूप सँ चर्चा भेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अपन दू दिवसीय दौराक बाद साँझ पटना आबि गेलाह।

---

पटना, मुजफ्फरपुर, सीतामढ़ी, वैशाली, गया, नालंदा आ बक्सर समेत कतेको जिला मे तेज हवाक संग मूसलाधार बरखा भऽ रहल अछि। कतेको ठाम ओलावृष्टिक खबरि सेहो अछि। पटना आ लऽग–पासक इलाका सभ मे बिहारिक कारण कतेको ठाम गाछ–वृक्ष आ बिजलीक खम्भा उखड़ि गेल अछि, जाहि सँ आवागमन आ बिजली आपूर्ति व्यवस्था बाधित भेल अछि। खेत सभ मे लागल फसिलक संग–संग आम आ लीचीक फसिल कैँ सेहो व्यापक नोकसान भेल अछि। बरखाक दरमियान ठनका खसबाक फराक–फराक घटना सभ मे चारि गोटेक मृत्यु भऽ गेल। पटना मे दू, औरंगाबाद आ गयाजी मे एक–एक व्यक्तिक मृत्युक खबरि अछि। एम्हर, मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक अधिकांश भाग सभ मे बरखाक सम्भावना अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अन्हर–बिहारि, बरखा आ ओलावृष्टि सँ भेल फसिलक क्षतिक सर्वे केर आदेश देलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे मुख्यमंत्री जनौलनि जे एहि संबंध मे कृषि आ आपदा प्रबंधन विभाग कैँ निर्देश देल गेल अछि, जाहि सँ प्रभावित किसान लोकनि कैँ समुचित राहत देल जा सकय।

———————————————————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार विभागक मंत्री दिलीप जायसवाल राज्य मे पन्द्रह दिनक भीतर लंबित लगभग तीन लाख दस हजार दाखिल–खारिज आवेदन सभक निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि अछि। विभागीय सचिव जय सिंह एहि संबंध मे सभ समाहर्ता लोकनि कैँ पत्र जारी कयलनि अछि। ई निर्देश त्रुटि जाँच स्तर पर लंबित आवेदन सभक शीघ्र निपटारा कैँ लऽकऽ जारी कयल गेल अछि। श्री जायसवाल कहलनि जे मामूली तकनीकी त्रुटि सभक लेल आम लोक कैँ परेशान नहि कयल जाय आ दाखिल–खारिज प्रक्रिया कैँ सरल, पारदर्शी आ जवाबदेही बनाओल जाय।

———————————————————————————————————

दरभंगा–पाटलिपुत्र एक्सप्रेस केर ठहराव आब सीतामढ़ी जिलाक बाजपट्टी आ डुमरा स्टेशन पर सेहो होयत। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव पत्रक माध्यम सँ सीमामढ़ीक सांसद देवेश चन्द्र ठाकुर कैँ ई जनतब देलनि। सांसद देवेश चन्द्र ठाकुर जनौलनि जे सीतामढ़ी क्षेत्र कैँ बेहतर रेल सुविधा सँ जोड़बाक लेल लगातार प्रयास कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे दरभंगा–पाटलिपुत्र एक्सप्रेस केर परिचालन शुरू भेल छल। एकरा बाद स्थानीय लोक सभ दिस सँ बाजपट्टी, डुमरा, गाढ़ा आ रामवृक्ष बेनीपुरी स्टेशन पर ट्रेन ठहरावक माँग लगातार उठाओल जा रहल छल। ओ जनौलनि जे फिलहाल बाजपट्टी आ डुमरा स्टेशन पर ठहरावक स्वीकृति भेट गेल अछि, जखनकि आन स्टेशन सभ पर सेहो ठहराव सुनिश्चित करबाक लेल प्रयास जारी रहत। सांसद एहि निर्णय लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ रेलमंत्री अश्विनी वैष्णवक प्रति आभार व्यक्त कयलनि।

———————————————————————————————————

भागलपुरक जिलाधिकारी नवल किशोर चौधरी कहलनि जे विक्रमशिला सेतु पर सात जून सँ पहिने गाड़ी सभक परिचालन शुरू भऽ जायत। बेली ब्रिज निर्माणक निरीक्षणक पछाति संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी कहलनि जे तकनीकी ऑडिट केर रिपोर्ट पर एकटा आओर बेली ब्रिज केर निर्माण करबाओल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे निर्माण काज मे सीमा सड़क संगठन आ पुल निर्माण निगमक अधिकारी आ कर्मी लोकनि लगातार जुटल छथि।

———————————————————————————————————

कांग्रेस प्रदेश मुख्यालय सदाकत आश्रम मे आइ सँ तीन दिवसीय 'सर्वोदय संकल्प शिविर' केर आयोजन कयल जा रहल अछि। प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश राम जनौलनि जे शिविरक मुख्य उद्देश्य राष्ट्रपिता महात्मा गांधी आ प्रथम प्रधानमंत्री पंडित जवाहरलाल नेहरूक विचारधारा एवं हुनक सिद्धांत सभ कैँ जन–जन धरि पहुँचायब अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जापान मे आयोजित होयबला पैरा एशियन गेम्स लेल क्वालिफाई करबा पर राज्यक प्रतिभावान खिलाड़ी शैलेश कुमार आ हिमांशु यादव कैँ बधाइ देलनि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री चौधरी कहलनि जे ई पूरा राज्यक लेल गर्व आ सम्मानक क्षण अछि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक हसनपुर थानाक थानाध्यक्ष अकमल खुर्शीद कैँ प्राथमिकी दर्ज नहि करबाक आरोप मे निलंबित कऽ देल गेल अछि। पुलिस अधीक्षक अरविंद प्रताप सिंह मामिला कैँ गंभीरता सँ लैत थानाध्यक्ष कैँ तत्काल प्रभाव सँ निलंबित करबाक संगहि विभागीय कार्रवाई केर निर्देश देलनि अछि।

———————————————————————————

सुपौलक भीमपुर थाना क्षेत्र मे पुलिस एकटा ऑटो रिक्शा सँ एक क्विंटल गांजाक संग दू गोट तस्कर कैँ गिरफ्तार कयलक अछि। बरामद गाँजाक दाम चालीस लाख टाका बताओल जा रहल अछि।

———————————————————————————

किशनगंज जिलाक बहादुरगंज थाना क्षेत्र सँ पुलिस आ एसटीएफ केर टीम मादक पदार्थ हेरोईन केर संग दू गोट तस्कर कैँ गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल